




Okenn aktivite nan Biznis lavant andetay ka rive san respè avèk estanda sekirite travay sektè spesifik sou COVID-19 plas travay pou Biznis lavant andetay yo. Estanda sa yo aplike, jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta, nan tout Biznis andetay yo sof pou Mache Agrikiltè yo, sa ki pral kontinye gouvènè sou Direktiv Depatman Sante Piblik. Estanda sa yo ranplase direktiv Depatman Sante Piblik ki gouvènè episri ak famasi yo.

## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Chak biznis dwe kontwole antre ak sòti kliyan yo ak limite okipasyon an toutan nan piwo nivo nan sa ki annaprè a:

- 50% nan okipasyon maksimòm otorize magazen andetay jan li dokimante nan pèmi okipasyon l sou dosye avèk depatman bilding minisipal oswa lòt detantè dosye minisipal
- Bilding yo ki pa gen okenn limitasyon okipasyon otorize nan dosye ka konte sou 10 moun (sa ki gen ladan anplwaye) pou chak metòd 1,000 pye kare
- Nan okenn ka, nenpòt espas fèmèn nan bilding lan ka depase okipasyon nan 10 moun pou chak 1,000 pye kare
- Tout kalkil okipan yo pral gen ladan kliyan ak travayè yo

Operatè sant dacha yo ak lòt espas andedan, espas andetay plizyè-lokatè dwe kontwole antre ak sòti travayè yo nan espas komen yo ak limite okipasyon nan zòn komen yo an toutan nan 40% nan nivo okipasyon maksimòm ki otorize

Nan sant dacha ak lòt espas andetay andedan plizyè-lokatè:

- Detayan (san enkli restoran depandan yo) kap sèvi manje ak bwason yo ka sèlman bay sèvis livrezon oswa a-anpòte
- Nenpòt zòn chita, sa ki gen ladan estasyon manje, dwe fèmèn
- Nenpòt zòn pou timoun jwe dwe fèmèn
- Tout galri yo dwe fèmèn

Episri ak magazen andetay yo avèk yon depatman famasi dwe prevwa èdtan rezève omwen inèdtan pa jou chak jou, bonè nan maten, pou adilt yo ki gen laj 60 ane ak pi gran. Yo dwe afiche klèman èdtan sa yo

Asire separasyon nan 6 pye oswa plis ant moun yo lè sa posib:

- Fèmèn oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak zòn wo dansite yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, zòn pou chita, pou pèmèt 6 pye distans fizik)
- Enstale patisyon fizik ant estasyon travay yo kote yo ka pa kenbe 6 pye distans (klwazon yo dwe omwen 6 pye nan wotè pou l ka efikas)
- Enstale baryè fizik pou estasyon kès kontwòl yo lè sa posib, otreman kenbe 6 pye distans lè sa pa posib
- Enstale makè distans sosyal vizyèl pou ankouraje kliyan yo rete 6 pye apa (egzanp., liy deyò magazen an si aplikab, liy pou fè peman yo, liy pou itilize twalèt la)
- Sal makè ak koulwa yo pou endike separasyon 6 pye

Etabli koulwa direksyon pou jere sikilasyon kliyan apye, si posib, pou redwi kontak (egzanp antre ak soti a sans inik nan magazen an, ale nan sans inik). Afiche siy vizib osijè règleman sa yo

Vire lè travay, poz ak manje pou travayè yo, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote ak asire omwen 6 pye distans fizik

Kouvri figi obligatwa pou tout travayè ak kliyan yo, sof lè yon moun pa kapab kouvri figi l akòz yon kondisyon medikal oswa andikap

Detayan yo dwe fèmèn ba salad yo ak nenpòt lòt estasyon sèvis lib ouvè ki prepare, e li dwe elimine nenpòt echantyon oswa degistasyon gratis

Detayan yo ka pa otorize echantyon oswa aplikasyon nan machandiz pèsònèl (sètadi., makijaj, pafen, losyon)

Sal eseyaj yo dwe rete fèmèn e kliyan yo ka pa kapab eseye rad yo. Nenpòt rad yon kliyan eseye dwe swa an karantèn pou 24 èdtan oswa byen netwaye avèk vapè anvan yo retounen andedan

### Rekòmande pi bon pratik yo

Si magazen an ofri livrezon, kapasite pou ranmase, twotwa, oswa limite “acha sou randevou sèlman.” yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou itilize metòd sa yo anvan yo vini nan magazen an

Yo ankouraje magazen andetay yo pou ofri èdtan ekskliziv oswa lòt akomodasyon pou moun sila yo ki fè pati nan popilasyon ki gen risk elve jan li defini pa CDC

Ankouraje metòd peman san kontak



# Estanda sou Sekirite MA

## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### PWOTOKÒL IJYÈN

Dezenfekte ekipman pataje yo, tankou kès otomatik, machin etikèt anvan yon lòt anplwaye itilize l

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl


Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl ta dwe disponib nan antre yo ak toupatou nan zòn planche a pou alafwa travayè ak kliyan yo

Evite pataje ekipman ak founiti ant travayè yo

Afiche siy vizib pou fè travayè yo sonje pwotokòl sou jyèn ak sekirite

Entèdi itilizasyon sak ki ka re-itilize; magazen yo pa otorize pou itilize sachè plastik oswa papye



### PÈSONÈL & OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi yo ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan :

- Distan sosyal, lave men, bon itilizasyon nan kouvri figi
- Oto-depistaj nan kay, sa ki enkli tcheke tanperati ak sentòm yo
- Enpòtan pou pa vin travay si ou malad
- Lè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab lakoz moun ki pi siseptib pou atrape ak soufri nan yon ka viris grav

Etablisman yo dwe teste travayè yo nan chak chif travay lè ou asire sa ki annaprè a:

- Travayè a pa genyen okenn sentòm tankou lafyèv (100.0 ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, kò fè mal/misk, nen koule/konjesyon, nouvo pèt gou oswa sant, oswa kè plen, vomisman oswa dyare
- Travayè a pa t genyen "kontak pwòch" avèk yon moun ki dyagnostige avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ou te nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje istansil, ou tap touse) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandanke moun nan pa gen sentòm
- Doktè oswa yon otorite sante piblik pa t mande travayè a pou l izole l oswa rete an karantèn
- Yo dwe voye lakay yo travayè yo ki neglije pou satisfè kritè ki anwo a

Ajiste lè ak orè travay ( ekip travay avèk diferan orè oswa chanje lè rive / depa) pou diminye kontak pami travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo

Biznis yo ta dwe redwi èdtan operasyon yo pou pèmèt yon netwayaj ak yon dezenfeksyon kontinyèl

Limite vizitè ak founisè sèvis sou sit la; anbakman ak livrezon ta dwe fèt nan zòn ki deziyen yo

Travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak. Si yo enfòme anplwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) kote plas travay la lokalize ak travay avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka rekòmande tès sou lòt travayè yo ki konsitan avèk gid ak/oswa sou deman LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv Commonwealth la sou [Estanda Sekirite nan Plas Travay](#)

Pou livrezon pwodui nan kay yo, tankou mèb ak aparèy elektwo-menaje yo, teste kliyan yo pou sentòm anvan travayè yo antre nan kay la. Retade livrezon an si kliyan an endike gen yon potansyèl moun nan kay la ki pozitif pou COVID-19

Limite vizitè ak founisè sèvis sou sit la; anbakman ak livrezon ta dwe fèt nan zòn ki deziyen yo

### Rekòmande pi bon pratik

Travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akòz laj oswa kondisyon maladi ki kache) yo ankouraje yo pou rete lakay ou

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak

Limite depasman anplwaye yo nan zòn travay diskre pou redwi chevochman lè sa posib



## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Netwaye sifas komen ki manyen anpil yo nan twalèt yo (egzanp., chèz twalèt, manch pòt, manch kabinè, lavabo, distribitè sèvyèt an papyè, distribitè savon) souvan ak annakò avèk direktiv CDC

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan sit la (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe jounal netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj la

Fè dezenfeksyon souvan nan zòn ki gen anpil sikilasyon ak sa yo manyen souvan (egzanp., manch pòt, twalèt, panye, charyo, sal repo pou anplwaye)

Sizoka ta gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon netwayaj ak dezenfeksyon apwofondi nan plas travay la annakò avèk direktiv aktyèl CDC

Depi yon kliyan eseye oswa retounen yon rad, retire l nan sèvis pou 24 èdtan (anvan li ka reotunen pa yon anplwaye epi yon lòt kliyan manipile l)

#### Rekòmande pi bon pratik

Ouvè pòt ak fenèt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib